

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Sekolah : SMP Negeri 2 Tuntang Tahun Pelajaran : 2021-2022
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa Kelas/Semester : VII (Tujuh)/ 2
Tema : Wacana Deskriptif Peristiwa Budaya Subtema : Tedhak Siten
Alokasi waktu : 10'

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Setelah mengikuti pembelajaran dengan metode ceramah demonstrasi dan melalui proses mengamati, menanya, mengumpulkan informasi dan mengkomunikasikan hasil mengolah informasi diharapkan siswa mampu mengungkapkan isi wacana deskriptif peristiwa budaya dan menyampaikan nilai positif dari wacana deskriptif peristiwa budaya

B. PROSES PEMBELAJARAN

Langkah-langkah	
Kegiatan Pendahuluan	<ol style="list-style-type: none">1. Guru mengucapkan salam, berdoa, dan memeriksa kehadiran serta kesiapan peserta didik mengikuti pembelajaran.2. Guru mengingatkan peserta didik untuk menjaga kebersihan dan kesehatan dan melakukan 5 M.3. Guru melakukan apersepsi dengan mengajak siswa mengulas salah satu budaya di Kabupaten Semarang yaitu pemakaian seragam <i>gagrag Semarang</i>.4. Guru menyampaikan tujuan pembelajaran
Kegiatan Inti	<ol style="list-style-type: none">1. Guru membagikan LKPD2. Peserta didik mengamati teks <i>Tedhak Siten</i>.3. Guru memotivasi peserta didik untuk bertanya kata-kata sulit dalam teks <i>Tedhak Siten</i>.4. Peserta didik mencari sumber informasi dari berbagai sumber mengenai upacara adat <i>Tedhak Siten</i>.5. Peserta didik mengerjakan LKPD6. Guru memantau hasil pekerjaan peserta didik.7. Guru mempersilahkan peserta didik menyampaikan hasil identifikasinya tentang isi teks <i>Tedhak Siten</i>.8. Peserta didik menyampaikan nilai positif dari wacana deskriptif peristiwa budaya <i>Tedhak Siten</i>.9. Guru bersama peserta didik mengevaluasi hasil pekerjaan peserta didik
Kegiatan Penutup	<ol style="list-style-type: none">1. Guru bersama peserta didik menyimpulkan dan merefleksi materi pembelajaran hari ini tentang mengidentifikasi isi teks dan nilai positif dari peristiwa budaya.2. Guru menutup kegiatan pembelajaran dengan salam penutup

C. PENILAIAN

Pengetahuan : Tes tulis berbentuk uraian (terlampir)

Mengetahui,
Kepala SMP N 2 Tuntang


Ungaran, Januari 2022
Guru Mata Pelajaran

Drs. Syaiful Bahri
NIP 19670505 199601 1 001

Gerlin Estiningsih, S.Pd
NIP -

LKPD

Bahasa Jawa Kelas 7



Wacanen kanthi premati!

TEDHAK SITEN

Tedhak sitèn utawa tedhak siti iku salah siji upacara adat Jawa kanggo bocah umur 7 wulan utawa 6 lapan. Tedhak sitèn iku asalé saka tembung tedhak, idhak utawa mudhun lan sitèn (saka tembung siti) utawa lemah (bumi). Upacara iki kanggo perlambang bocah sing siap-siap nglakoni urip liwat tuntunan wong tuwa.

Upacara Tedhak sitèn dianakaké amarga ana kapitayan masyarakat Jawa yèn lemah kuwi nduwéni makna ghoib lan dijaga Bathara Kala. Kanggo ngindari kadadéyan sing ora becik, mula dianakaké upacara ngenalaké putra-putriné marang Bathara Kala minangka sing njaga lemah. Anggone nglakoni upacara iki, luwih becik miturut weton.

Ubarampé kanggo upacara tedhak sitèn yaiku pengaron sing diisi kembang setaman. Kurungan, kanggo nggambaraké yén donyané anak isih sithik utawa ciut. Werna-werna piranti sing diséléhaké sajroning kurungan kayata pari sabengket, kapuk sabengket, piranti nulis, bokor kang diisi beras kuning, werna-werna jinis dhuwit, lan mas-masan. Saliyane kuwi uga ana klasa sing isih anyar, kanggo lémək ning jero kurungan, bakaran pitik, kang nggambaraké pedoman uripé anak, andha tebu "arjuna", yaiku tebu sing wernané ungu kang nggambaraké undhak-undhakané urip sing arep dilakoni anak, jadah pitung warna, yaiku abang, putih, ireng, kuning, biru, ungu lan jambon. Jadah pitung warna iki tegesé kanggo ngemutaké anak yén urip kudu waspada saka godaan werna-werna. Kang pungkasan yaiku bancakan arupa sega gudhangan sing dibagékake marang para tamu sing teka.

Urutane Upacara tedhak siten kang kapisan yaiku tedhak jadah pitung warna, bocah mlangkah utawa ngidak jadah pitung warna kang diéwangi ngidak déning ibu, jadah ditata saka warna sing padhang nganti warna sing peteng, iku kabèh perlambang déné urip iku ora gampang nanging kabéh alangan sing dirasakake mengko mesthi bakal ana dalan kang padhang tumuju kamulyan lan kasantosan. Kapindho munggah andha tebu arjuna, tebu iku pralambang antebing kalbu, supaya anggoné nitih urip ning donya iki bakal manteb lan tebu arjuna pralambang supaya anak sing munggah tebu iku bisa duwéni solah bawa kaya déné arjuna. Kaping telu mlebu ing jero kurungan, kurungan iku pralambang urip ing donya iki, ing jero kurungan diwénéhi akèh dolanan lan ubarampé pagawéan kayata buku, gunting, mas-masan lan liya liyané, dolanan utawa ubarampé pagawéan sing dipilih déning anak iku kaya tandha bésuk bakal duwéni pagawéan mau. Kaping telu siraman kanggo nyucèni raga lan jiwa, muga muga bisa gawa jeneng arum kanggo kaluwarga kayata banyu kembang sing kanggo acara siraman anak mau. Kang pungkasan yaiku bancakan, kanggo wujud syukur saka kaluwarga lan panuwun marang para tamu kang wis rawuh lan ndongake.

LKPD

Bahasa Jawa Kelas 7


Nama :

Kelas :

Nomor :

Biji :

GLADHEN 1



1 Upacara tedhak siten iku kanggo sapa? _____

2 Apa ancas utawa tujuan upacara tedhak siten? _____

3 Barang apa wae kang diselehake ing njeron kurungan? _____

4 Jadah kang warna-warna iku mralambangke apa? _____

5 Kegiatan apa kang dilakokake pungkasan lan duweni ancas wujud syukur saka wong tuwa utawa kulawarga? _____


LKPD

Bahasa Jawa Kelas 7

Anggota Kelompok (nama/kelas/nomor)

Biji :

GLADHEN 2



Piwulang apa kang bisa dijupuk saka upacara adat tedhak siten?

Coba njlentrehna karo kelompokmu!

A large empty rectangular box with a dark brown border, intended for students to write their answers to the questions above.